**ХIоттийнарг – Iабдуль-Къодир Аль-АрнаутI**

**Iарбийн маттера – Алиев Биксолтин Ахьмад**

Рецензенташ – Р. А. Даев, М. Р. Эдихаджиев, С. Р. Магамедов

# Къинойх цIанвеш, ялсамане ваха хьакъвеш йолу Iамалш

**Гуьмсе 2020**

**БисмиллахIиррохьманиррохьим**

## Дешхьалхе

Хастам бу АллахIна! Цунна хастам бо вай, Цуьнгара гIо а лоху вай, Цуьнга гечдар а доьху вай! АллахIца вайн догIмийн вуочу гIиллакхех, вай еш йолчу вуочу Iамалех а ларло вай!

АллахIа ша нисвинарг тило да ма вац, Цо тилийнарг нисван да ма вац. Ас тоьшалла до, АллахI воцург кхин дела вац аьлла. Ша Цхьаъ ву иза, Шеца накъост а воцуш. Ас юха а тоьшалла до, Мухьаммад – Цуьнан лай, Цуьнан Элча а ву аьлла.

Баккъалла а, АллахIан къинхетам боккха бу, шен хадийна чаккхе а йоцуш, я мел дукха адамех бича а гIеллур боцуш. Адаме шен дахарехь бала я хало кхаьчча, цунна а, Дала цунна тIебоссош болчу къинхетамна а юккъе пардо дулу, нагахь санна, и бала Делера буй а хиъна, оцу стага собарца са ца тохахь. И вай дийцинарг бакъдеш долу делил – хьашташ кхочушдар а, бала дIаайбар а доьхуш долчу доIанашца къинойх цIанвар доьхуш долу доIанаш хиттина хилар Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) суннатехь вайна карадар ду. Оцу балхо чIагIдо, адам къинойх цIандалар а, Везчу Дала цуьнан хьашташ кхочушдар а вовшашца доьзна хилар, – аьтто хилар а, ницкъ болуш хилар а Деле гечдар дехарца хиларх терра. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Гечдар деха шайн Деле, баккъалла а, Иза ву-кх дукха Гечдешверг. Цо стиглара шортта догIа доуьйтур ду шуна. Цо гIо дийр ду шуна даьхни, кIентий совбахарца, Цо хуьлуьйтур ю шуна бошмаш, хуьлуьйтур ду шуна хиш-татолаш».** *«Нухь», 10-12.* ХIара аят ду-кх вай дийцинчунна уггар дика тIенисвеш дерг.

Баккъалла а, Дала адам зер, цунна тIе бала боссор а адамо летийна къинош бахьана долуш ца хуьлу даима; иза кхаа декъе декъалуш ду:

1. Дала бала боссорца адам зийча, цо шега кхаьчна бала нахе балха а ца бича, и бахьана долуш Дала гечдо оцу адамо летийначу къиношна.
2. Дала бала боссорца адам зийча, амма цо шега кхаьчна бала нахе балхийча, и бахьанехь оцу баланах Делера Iазап хуьлу цунна, ял хилар доцуш.
3. Дала ша балийца зер бахьанехь адам доккхадеш а, цуьнгахь диканиг гуш а хилча - иза хуьлу Далла гергахь и лай даржехь хьалаваккхар. ХIара хьал пайхамарийн а (Делера салам-маршалла хуьлийла царна), церан верасаш болчу дика Iамал ечу Iеламнехан а дарж ду.

Цундела, коьртачех ду, Дала, Пайхамара а (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) билгалдина къинош нахана довзийтар, уьш летийначарна царах дIацIанбала некъ хьехар а. Иза ду и нах Делан къинхетаме догдохуш хилийтархьама. Коьрта Iалашо иза а йолуш яздина хIара жайна.

**АллахIа вай Шен къинхетаме кхойкху**

Веза-Сийлахьчу Далла Шен леш дукхабезарца доьзна делилаш Сийдолчу Къуръана чохь дуккха ду, дагардалур доцуш. Царах коьрта долчех ду – къа латийначу Шен леша дина тоба Дала къобалдар, И царна къинтIера валар, Ша реза волу диканаш Цо царна далар, царна оьгIазваханчул тIаьхьа Цунна юха уьш дукхабезар а. И дерриг чулоцуш ду-кх Делан дош.

1. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Шайн Деле гечдар деха аш, тIаккха Цуьнга тоба а де, Цо тоьхна хан тIекхаччалц** (шу дIакхалххалц) **зовкх хьоьгуьйтур ду шуьга, хIора дика Iамал ечунна** (цуьнан Iамале хьаьжжина) **дика бекхам бийр бу».** *«ХIуд», 3.*

2. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Гечдар деха шайн Деле, баккъалла а, Иза ву-кх дукха Гечдешверг. Цо стиглара шортта догIа доуьйтур ду шуна. Цо гIодийр ду шуна даьхни, кIентий совбахарца, Цо хуьлуьйтур ю шуна бошмаш, хуьлуьйтур ду шуна хиш-татолаш».** *«Нухь», 10-12.*

3. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Вуон хIума я шен дегIана зулам дина, цул тIаьхьа Деле гечдар дехначунна, – цунна АллахI гечдеш, къинхетам беш а хилар карор ду».** *«Ан-Нисаъ», 110.*

4. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Ахьа ала: «ХIай шайн догIмаш зен дайинарш (***къинош летийнарш***), аш дог ма дилла Делан къинхетамах. Баккъалла а, Дала гечдо дерриге а къиношна. Баккъалла а, Иза – тIехгечдийриг а, къинхетаме верг а Ву».** *«Аз-Зумар», 53.*

5. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Баккъалла а, хьан Дела нахана гечдар дукха долуш Ву, уьш зулам деш болушшехь».** *«Ар-РаIд», 6.*

6. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Баккъалла а, АллахIна дукхабеза тоба деш берш, цIано еш берш а».** *«Аль-Бакъарат», 222.*

7. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«АллахIе тоба хIунда ца до цара, Цуьнга гечдар а хIунда ца доьху? Баккъалла а, АллахI гечдеш, къинхетам беш а ма Ву».** *«Аль-Маидат», 74.*

8. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Аш тоба дахь – и шуна дика ду».** *«Ат-Тавбат», 3.*

9. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Цуьнга** (Деле) **гечдар деха, тIаккха Цуьнга тоба де, баккъалла а, сан Дела** (къинхетам барца) **гергахь,** (доIина) **жоп луш а Ву».** *«ХIуд», 61.*

10. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«АллахIе тоба де аш массара, хIай ийман диллина нах, – шаьш декъалхилархьама».** *«Ан-Нур», 31.*

11. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Амма тоба а дина, ийман а диллина дика Iамал йинарг – иза ву декъалхиллачарех».** *«Ал-Къасас», 67.*

12. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Иза ву Шен леша дина тоба къобалдеш, къиношна гечдеш а, Иза хууш Ву аш дийриг».** *«Аш-Шура», 25.*

13. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«ХIай ийман диллина нах, АллахIе бакъ-цIена тоба де аш».** *«Ат-Тахьрим», 8.*

**ХIокху аяташа билгалдо:**

1. Веза-Сийлахь Дела къинхетамца, комаьршонца а Шен леша дина тоба къобалдеш, церан къинош дIадохуш а хилар.
2. Веза-Сийлахьчу Делан къинхетамах ду, тоба динчу стеган къинош диканашца Цо хийцар, оцу стага динчу тобанна дуьхьал бекхам беш.
3. Тоба дар, гечдар дехар а адамна ницкъ, даьхни, бахам а лучу бахьанех цхьаъ ду.
4. Веза-Сийлахь Дела ийман диллинчу нахана таIзар дар, чIир эцар дезаш вац, бакъду, тоба а дина Шега воьрзучу леца къинхетаме, и дукхавезаш а ву Иза.
5. Баккъалла а, Делан оьгIазло юссуш яц шен тиларна чохь чIагIвеллачу керста стагана тIе а бен.
6. Баккъалла а, Дала Шена Iеса хиллачу адамашна Iамийна тоба даран дешнаш, и къобал хиларан белхаш а. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Адама Iамийра шен Делера дешнаш, Цо цунна гечдира, баккъалла а, Иза Ву гечдеш, къинхетаме а».** *«Аль-Бакъарат», 37.*

**Делан Элчано** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **нийса новкъа нисдо вай**

Веза-Сийлахьчу Дала къинхетаме волчу Шен Элчане (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) боху: «**Оха хьо Элча вина вахийтина вац, Iаламах къинхетам беш а бен».** *«Аль-Анбияъ», 107.*

Веза-Сийлахьчу Дала Шен Пайхамарх (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) лаьцна боху: **«Баккъалла а, шуьга веъна Элча, шух шайх а волуш, шуна хала хилларг шена дазлуш, шу нисдарна тIехь сутара а волуш, муъмин нахах доглозуш а, къинхетаме а волуш».** *«Ат-Тавбат», 128.*

Цундела дух-духа а деана Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) омра, нах шаьш летийначу къиношца доьзна тоба даре, Деле гечдар дехаре нисбеш. Цунах ду Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хьадисаш:

1. Абу Зарра (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: «Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна), шен Дала: **«ХIай Сан леш! Баккъалла а, дийнаххьий, бусий гIалатдуьйлу шу, ткъа Со Ву дерриге а къиношна гечдеш, Соьга деха къиношна гечдар, Аса гечдийр ду шуна», -** элира, аьлла, дийцира. *Муслим.*
2. Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Сайн са карахь долчух** (АллахIах) **дуй буу ас, аш къинош летош ца хилча, Дала дIадохур дара шу, тIаккха Цо кхуллур дара къинош летош долу къам, цара Деле гечдар доьхуш, тIаккха Дала царна геч а деш».** *Муслим.*
3. Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) Сийлахь-Везчу шен Делера дийцира, аьлла: **«Цхьана лено къа а латийна, элира: «ХIай Везан Дела, ас латийначу къинна гечдехьа суна».** ТIаккха Веза-Сийлахьчу Дала элира: **«Сан лено къа латийра, цунна хиира, къинна гечдеш, къа латор бахьанехь Iазап луш а шен Дела хилар».** Цул тIаьхьа къа а латийна, элира цо: **«ХIай Везан Дела, ас латийначу къинна гечдехьа суна».** ТIаккха Веза-Сийлахьчу Дала элира: **«Сан лено къа латийра, цунна хиира, къинна гечдеш, къа латор бахьанехь Iазап луш а шен Дела хилар».** Цул тIаьхьа къа а латийна, элира цо: **«ХIай Везан Дела, ас латийначу къинна гечдехьа суна».** ТIаккха Веза-Сийлахьчу Дала элира: **«Сан лено къа латийра, цунна хиира, къинна гечдеш, къа латор бахьанехь Iазап луш а шен Дела хилар. Хьайгара**

**дуьйлучу къиношна тоба деш хьо мел ву, баккъалла а, Ас гечдийр ду хьуна».** *Бухари.*

4. Джундуба (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) дийцира, аьлла: «Цхьана стага элира: **«Делах дуй буу ас, АллахIа гечдийр ма дац хьенехана».** ТIаккха Веза-Сийлахьчу Дала элира: **«Ас хьенехана гечдийр дац аьлла, Сан цIарах дуй биънарг мила ву? Баккъалла а, цунна гечди Ас, хьан Iамал а йохий Ас».** *Муслим.*
5. Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) олуш хезира шена, аьлла: **«Бану Исраилашна** (жуьгтий) **юккъехь вежаралла долуш ши стаг вара. Цаьршиннах цхьаъ къинош летош, важа - Iибадат дарехь къахьоьгуш вара. Iибадат дарехь къахьоьгуш волчунна шен накъост къинош летош гора, цо цуьнга вухавала олура. Цхьана дийнахь шен накъосто къа деш гича, цо цуьнга вухавала элира. Къа деш волчо элира: «Суна а, сан Далла а юкъахь йолу меттиг йитахь, со ларван тIехIоттийна-м вац хьо?» Iибадат дарехь къахьоьгуш волчо элира тIаккха: «Делах дуй буу ас, АллахIа хьуна гечдийр ма дац»** я **«Дала хьо ялсамани чу вохуьйтур ма вац». И ши стаг дIакхелхира, тIаккха Iаламаш кхоьллинчу Далла гергахь цхьанакхийтира и шиъ. Iибадат дарехь къахьоьгуш волчуьнга Дала элира: «Ас дийр дерг хууш вара хьо я Соьгахь долчу хIуманна тIехь ницкъ кхочуш вара хьо?» Къа деш волчуьнга Дала элира: «Вало, Сан къинхетамца, ялсамани чу гIо». Вукхуьнан хьокъехь элира Цо: «Жоьжахати чу дIавига иза».** Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) элира: **«Сан са карахь долчух** (Делах) **дуй буу ас, баккъалла а, дош элира цо, шен дуьне, эхарт а дохош долу».** *Абу Давуд.*
6. Ма́ликан кIанта Анаса (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) олуш хезира шена, аьлла: **«Веза-Сийлахьчу АллахIа аьлла: «ХIай Адаман кIант! Баккъалла а, хьо Соьга доьхуш, Соьгарчу къинхетаме сатуьйсуш а мел ву, хьуна гечдийр долуш ву Со, хьан къинош дукха хилар тергал ца деш. ХIай Адаман кIант! Хьан къинош стигларчу мархашка кхаччалц хьаладуьзча а, цул тIаьхьа ахьа Соьга хьайна гечдар дехча, Хьуна гечдийр долуш ву-кх Со. ХIай Адаман кIант! Латта дуьззина долу къинош долуш хьо дIакхелхича, амма Iибадат дарехь Суна цхьа а декъахо а ца веш хьо Суна хьалха хIоттахь, и латта дузар барамехь хьуна гечдийр ду Аса».** *Тирмизи.*
7. АгIаррас Iумаран кIантера (Дела реза хуьлийла царна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«ХIай нах,**

**АллахIе тоба де, ас, баккъалла а, Цуьнга дийнахь бIозза тоба до шуна».** *Муслим.*

8. Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) олуш хезира шена, аьлла: **«АллахIах дуй буу ас, дийнахь АллахIе гечдар доьхуш, Цуьнга тоба а деш ву со кхузткъе уьттазза сов».** *Бухари.*
9. Маликан кIанта Анаса (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Шен лено тоба дарна АллахI воккхавеш ма ву, пана махкахь яйна хилла йолу шен эмкал карийна волчу шух муьлххачул а».** *Бухари, Муслим.*
10. Абу Муса аль-АшIарис (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Баккъалла а, АллахIа, малхбузехьара малх схьакхетталц буьйсанна Шен къинхетам баржабо, дийнахь вуон динчун тоба къобалдан; дийнахь Шен къинхетам баржабо Цо, буьйсанна вуон динчун тоба къобалдан».** *Муслим.*
11. Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Малхбузехьара малх схьакхетале дина тоба АллахIа къобалдо».** *Муслим.*
12. Iассалан кIанта Софвана (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: «Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) малхбузехьа йолу неI хьахийра, кхузткъе итт шарахь некъ баран барамехь шуьйра йолу я говрахь волчо шовзткъа (я кхузткъе итт) шарахь некъ бийр болчу барамехь шуьйра йолу. Суфьяна (Дала къинхетам бойла цунах) элира: **«Шема агIонгахьа ю иза** (неI)**. Дала стигланаш, латта а кхуллучу дийнахь кхоьллина иза, тоба деш волчунна ша дIайиллина а йолуш, цигахула малх схьакхетталц дIакъовлур яц иза».** *Тирмизи.*
13. Анаса (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Адаман берех хIора стаг къа латош ву, оцу къа латочарах диканаш – дохко а бевлла, тоба дийраш бу».** *Тирмизи.*
14. Ибн Iаббаса, Анаса а (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Адама беран дашо шиъ боьра хилча, шен кхо боьра хила луур дара цунна. Адама беран кийра бузор бац, лаьтто бен. Дала къобалдо тоба динчун тоба».** *Бухари.*
15. Абу СаIи́да Аль-Худрис (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: «Шул хьалха хиллачарна юккъехь цхьа стаг вара, 99 стаг вийна. Цо хаьттира, лаьтта тIехь тIех дика хуург мила ву-те, аьлла. Иза хьажийра Iибадат дечу стагана тIе. И

волчу вахана, цо хаьттира: **«Ша 99 стаг вийна, шена тоба дар дуй-те?»** Цо жоп делира: **«Дац».** ТІаккха цо иза а вийра, цуьнца бІе кхочушвира. Цул тІаьхьа хаьттира цо, лаьтта тІехь тІех дика хуург мила ву-те, аьлла. ТІаккха иза хьажийра Іилма девзаш волчу стагана тІе, цо элира: **«Ша 100 стаг вийна, тоба дар дуй-те шена?»** Іеламстага элира: **«Ду. Хьуна а, ахь тоба дарна а юккъе новкъарло ян мила ву? Иштта-иштта цхьаьна лаьтта тІе гІо хьо, баккъалла а, цигахь АллахІна Іибадат деш нах бу, цаьрца АллахІна Іибадат де ахь, хьайн лаьтта тІе юха ма вола хьо, иза шегахь бохам болу латта ду».** Иза дІавахара, ахнекъ цо бича, цуьнга валар кхечира. Къинхетаман, Іазапан а маликаш цуьнан хьокъехь къовсаделира, тІаккха къинхетаман маликаша элира: **«Иза веана тоба а дина, шен дог-ойла Везчу Далла тІе а ерзийна».** Іазап луш долчу маликаша элира: **«Цкъа а дика Іамал ца йина цо».** ТІаккха адамийн суьртахь долуш цхьа малик деара царна тІе, цара цунах шайна юккъехь хьукманча дира. Оцу малико тІаккха элира: **«Аш юста шина лаьттан юкъ, цаьршиннах герга хиллачунна хир ву иза».** Цара иза юьстира, тІаккха царна и карийра цунна дезначу лаьттана герга. ТІаккха къинхетаме маликаша цуьнан са дІадаьхьира». Кхечу дийцарехь деана: **«Дикачу лаьттана цхьа ше гергахь хилира иза, тІаккха цуьнан охІланах вира иза».** Кхечу дийцарехь деана: «Везчу Дала дикачу лаьтте омра дира: «Хьо гергахила», – аьлла, ткъа вуочу лаьтте: «Хьо генадала», – аьлла. Цо элира: **«Оцу шина лаьттан юкъ юста аш».** Царна и карийра дикачу лаьттана цхьа ше герга, тІаккха цунна гечдира». *Бухари, Муслим.*

16. Лукъмана ал-Хьакима шен кІанте аьлла: **«Хьайн маттана марзде: «ХІай Везан-Дела, гечдехьа суна» бохург. Баккъалла а, АллахІан цхьа хенаш ю, доьхуш верг вухатухур воцуш».** *БагІави.*

## Тоба даран маьІна

Іеламнаха аьлла: **«Тоба дар – иза гечдар доьхучеран, къинойх цІанвалар лоьхучеран а хьалхара гІулч ю».** Іеламнаха аьлла (церан массеран барт хилла): «Тоба дар (дохковалар) важиб ду массо къинойх. Нагахь къа латадар лена, Веза-Сийлахьчу Далла а юккъехь хиллехь, адамийн хьокъах хьакхалуш доцуш, тІаккха цунна кхоъ бехкам бу: 1 – Къинош леторах вухавалар ду; 2 – Ша къинош леторна дохковалар ду; 3 – Цкъа а ша къинош даре вухавоьрзур вац аьлла чІогІа ниййат хилар ду. Нагахь оцу кхаа бехкамах цхьа бехкам оьшуш белахь, тоба хир дац. Нагахь санна и къа латор адамийн хьокъах хьакхалуш делахь, цуьнан бехкам биъ бу: вай багарбина кхоъ бу; 4-гІа бехкам бу ша зулам динчу стеган хьокъах дІацІанвалар. Нагахь

и зулам даьхни я и саннарг делахь, иза дIалур ду цо. Нагахь тIахьашха доцург аьллехь, къинтIеравалар доьхур ду. Нагахь цIе кхолларна таIзар, я и санна къа долу хIума делахь, шех чIир эца аьтто бийр бу цо я цуьнга къинтIера валар доьхур ду цо. Тоба дар важиб ду дерриге къинойх, нагахь иза цхьадолчарна дохковалахь, цуьнан тоба мегаш ду оцу къинна, дисинарш цунна тIехь дуьсу».

Джунайда аль-БагIдадис (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: **«Тоба даран кхоъ бехкам бу: 1 – Дохковалар; 2 – Кхин къа латор дац аьлла, дог-ойла хилар; 3 – Ша зулам диначеран хьокъах дIацIанвалар».**

Тоба даран хьокъехь Iеламнехан дуккха дешнаш ду, царах цхьадерш хьахор ду вай, тоба даран маьIна билгалдархьама.

Устаз волчу Абу Iалий Даккъакъа (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: **«Тоба даран кхоъ дакъа ду: 1 – Дохковалар; 2 – Гечдар доьхуш, Далла хьаставалар; 3 – Далла муьтIахь хиларехь, Iибадат дарехь, Далла хьаставаларехь соввалар».** Баккъалла а, дохковалар хьалхара бехкам бу, Далла муьтIахь хилар, Iибадат дар алсамдаккхар тIаьххьара бехкам бу, гечдар доьхуш, Далла хьаставалар - юккъера бехкам бу. Делан Iазапах кхерарна тоба динарг – иза дохковаьлларг ву. Делера ял хиларе сатуьйсуш тоба динарг – иза гечдар доьхуш Далла хьаставелларг ву. Йоле сатийсарна я Iазапах кхерарна доцуш, Дала динчу омранна жоп луш тоба динарг – иза Далла муьтIахь хилар, Iибадат дар, Далла хьаствалар а алсамдаьккхинарг ву.

Абу аль-Къасима Къушайрис (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: **«Тоба дар** – иза ийман диллинчу нехан куц ду, Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«АллахIе тоба де аш массара, хIай ийман диллина нах, – шаьш декъалхилархьама».** *«Ан-Нур», 31.* **Гечдар доьхуш Далла хьаставалар** – иза эвлаяийн, Дала Шена гергабинчеран а куц ду. Веза-Сийлахьчу Дала церан хьокъехь боху: **«Ша Къинхетаме волчух** (Делах) **кхоьруш,** (Далла) **хьастаделлачу дагца веанарг».** *«Къаф», 33.*

**Далла муьтIахь хилар, Iибадат дар, Далла хьаставалар а алсамдаккхар** – иза пайхамарийн а, элчанийн а (Делера салам-маршалла хуьлийла царна) куц ду, Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Дика лай ву** (Айюб-пайхамар)**. Баккъалла а, иза** (хьастваларца, муьтIахь хиларца) **Деле воьрзуш верг ву».** *«Сод», 44.*

ІабдуллахІан кІанта СахІла аьлла: **«Тоба дар – иза дохковалар ду, къинош леторах вухавалар ду, шегара дуьйлу вуонаш дитина, дикачу белхашна тІеверзар ду».**

**Къинойх цІанвеш йолу Іамалш**

Абу ХІурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Рамадан баттахь, иза фарз хиларх теша а тешаш, шена Делера ял хиларе дог а дохуш марханаш кхаьбначунна гечдийр ду цуьнан дІадаханчу къиношна».** *Бухари, Муслим.*

Абу ХІурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Рамадан баттахь, иза фарз хиларх теша а тешаш, шена Делера ял хиларе дог а дохуш буьйса денйинчунна** (таравихь ламазаш деш) **гечдийр ду цуьнан дІадаханчу къиношна».** *Бухари, Муслим.*

Іаишата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: **«Ас хаьттира: «ХІай Делан Элча, ахь суна дийцахьа, Лайлатуль-Къадри буьйса муьлха ю суна хиъча, ас хІун ала деза?» Делан Элчано** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **жоп делира: «Ахь ала: «Алло́хІумма иннака Іафуввун, кари́мун, тухьиббуль-Іафва, фаІфу Іанни́** (ХІай АллахІ, баккъалла, гечдеш а, комаьрша а, гечдар дезаш а ву-кх Хьо, гечдехьа суна)**».** *Тирмизи.*

Іусманах (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, цо ламаз эца хи дийхира аьлла. Хи чохь долчу пхьегІи чура хи а дуттуш, шен ши куьг кхузза дилира цо. Цул тІаьхьа, шен аьтту куьйга схьа а оьцуш, бага, мерчу хи кхорзуш, мерчуьра хи охьадаьккхира цо. Цул тІаьхьа шен юьхь йилира цо кхузза, тІаккха шен ши пхьарс билира цо (голашца цхьаьна) кхузза, цул тІаьхьа шен коьртана масхьу а дина, тІаккха шен ши ког билира цо (шина хьорканца цхьаьна) кхузза. Цул тІаьхьа цо элира: «Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) ламаз оьцуш гира суна, ас хІинца ма-эццара, юха цо (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Дагца вуон ойланаш ца еш, хІинца ас ма-эццара ламаз а эцна, ши ракаІат ламаз динчунна цо хьалха динчу къиношна гечдина».** *Бухари.*

Абу ХІурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Имамо, гІойриль магІду́би ІалайхІим валаддо́лли́н** (Нийсачу некъа нисдехьа тхо. Айхьа

ниІмат деллачеран некъа дигахь тхо, ма дигахь тхо Айхьа оьгІазло йинчеран, тилабеллачеран некъа) **олучу хенахь, *амийн* алалаш, ша олуш долу амийн маликаша олучуьнца цхьанадеанчунна гечдийр ду цо хьалха динчу къиношна».** *Бухари, Муслим.*

Анасан кІанта МуІаза (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«ЯахІума а йиъна, цхьамма аьлча: «Аль-хьамду лилла́хІиллази́ атІ-Іамани́ хІа́за́ ва розакъони́хІи мин гІойри хьавлим-минни́ ва ла́ къувватин** (Хастам бу АллахІна, суна хІара яийначу, суна хІара еллачу, соьгара ницкъ я гІора а доцуш)**, цо хьалха динчу къиношна гечдина цунна».** *Тирмизи.*

Абу Айюба аль-Ансарис (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) олуш хезира шена, аьлла: **«Шега омра динчу кепара ламаз эцна, тІаккха ша дан ма-деззара ламаз динчунна гечдина цуьнгара хьалха даьллачу хІуманна».** *Ахьмад.*

Іаффанан кІанта Іусмана (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: «Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) ламаз оьцуш гира суна, цо шен ламаз эцар хаздира, тІаккха элира: **«ХІинца ас ма-эццара ламаз а эцна, ши ракаІат ламаз динарг, шен дагца вуон ойланаш ца еш, – цо хьалха динчу къиношна гечдина цунна».** *Бухари.*

Халидан кІанта Зайда (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: «**Ша эца ма-деззара ламаз эцна, цул тІаьхьа ши ракаІат ламаз динарг, шен дагца вуон ойланаш ца еш - цо хьалха динчу къиношна гечдина цунна».** *Абу Давуд.*

**Нанас винчу дийнахь санна къинойх цІанвеш йолу Іамалш**

Абу ХІурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) олуш хезира шена, аьлла: **«Хьаж а дихкина, цул тІаьхьа оьзда боцу мотт ца лебеш, Іесалла а ца лелош хилларг – шен къинойх дІацІанло, нанас дена винчу дийнахь ма-хиллара».** *Бухари.*

Абу Айюба аль-Ансарис (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Рамадан бутт кхаьбна, цул тІаьхьа шавваль беттан ялх марха кхаьбнарг – дерриге шо кхаьбначух терра ву».** *Муслим.*

**Къинойх цIанвеш йолу Iамалш** (уьш хIордан чопа санна дукха делахь а)

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«ХIора ламазал тIаьхьа ткъе кхойттазза – *СубхьáналлóхI*, ткъе кхойттазза – *Аль-хьамду ллилáхI*, ткъе кхойттазза – *Аллóхlу акбар* аьлларг, тIаккха бIе дузуш Лá илáхIа иллаллóхIу вахьдахIу лá шарúка лахIу. ЛахIуль-мульку ва лахIуль-хьамду, ва хIува Iалá кулли шай-ин къодúр» аьллачун къиношна гечдийр ду, хIорда тIехула йолу чопа санна уьш дукха делахь а».** *Муслим.*

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Ша Iуьйренга ваьлча, суьйренга ваьлча а бIозза СубхьáналлóхIи ва бихьамдихIи аьллачун къиношна гечдийр ду, хIорда тIехула йолчу чопанал дукха уьш делахь а».** *Хьаким.*

Iамран кIанта IабдуллахIа (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Лаьтта тIехь цхьа а стаг ма вац, ша: «Лá илáхIа иллаллóхI, валлóхIу акбар, ва субхьáналлóхIи, валь-хьамду лиллáхIи, ва лá хьавла ва лá къуввата иллá биллáхIи» олуш, цунна тIера къинош, хIордан чопанал уьш делахь а, дIадохуш а бен».** *Хьаким.*

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«СубхьáналлóхIи ва бихьамдихIи дийнахь бIозза аьллачун къинош дIадохур ду, хIордан чопанал уьш делахь а».** *Бухари.*

**Къинойх цIанвеш йолу Iамалш**

Абу СаIúда Аль-Худрис, Абу ХIурайрата а (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Бусалба стаге ца кхочу кIадвалар, цамгар, бала, гIайгIа, цатам, сингаттам, цунна Iотталуш долу кIохцал а, Дала уьш бахьана долуш цуьнан цхьадолу къинош дIадохуш а бен».** *Бухари.*

Iазибан кIанта Барраа (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Ши бусалба стаг вовшахкхетар вац, куьг даларца салам а луш, и шиъ дIасакъастале хьалха цаьршинна гечдеш а бен».** *Абу Давуд.*

Абу ХІурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Бусалба лено** (я муъма лено) **ламаз эцча, цо шен юьхь йилича, цуьнан шина бІаьрго летийна долу цуьнан юьхь тІера дерриге** (кегий) **къинош дІадовлу, хица цхьаьна** (я тІаьххьарчу хинан тІадамца)**. Цо шен ши куьг дилича, хица цхьаьна** (я тІаьххьарчу хинан тІадамца) **цуьнан шина куьйга тІера дерриге** (кегий) **къинош дІадовлу** (цаьршинца цо летийна долу)**. Цо шен ши ког билича, цуьнан шина кого летийна дерриге** (кегий) **къинош дІадовлу** (хица цхьаьна я тІаьххьарчу хинан тІадамца), **къинойх иза дІацІанваллалц».** *Муслим.*

Анаса (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчане (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хаьттира, аьлла: **«ХІай Делан Элча, оьмар йоца йолуш, къинош дукха долуш хуьлу стаг».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«ХІора адам къа латош ду, шен хьекъале амал, синкхетам а болчу стагана цуьнан къиноша зен дийр дац».** Цуьнга хаьттира: **«И муха хуьлу, хІай Делан Элча?»** Цо жоп делира: **«Шегара къа мосазза долу сихха тоба до цо, тІаккха цуьнан къинош дІадоху, Делан комаьршонца ялсамане воьду иза».** *Тирмизи.*

Абу ХІурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Бусалба стеган, бусалба зудчун а дегІехь, доьзалехь, даьхнигахь а бала ма ца лаьтта, и бахьанехь шайна тІехь къа а доцуш уьш АллахІна дуьхьалкхеташ бен».** *Тирмизи.*

Абу Ваккъасан кІанта СаІда (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Шена молла кхойкхуш хезча, ша аьлларг: «АшхІаду ал-ла́ ила́хІа иллалло́хІу вахьдахІу ла́ шари́ка лахІу, ва ашхІаду анна Мухьаммадан ІабдухІу́ ва росу́лухІу. Роды́ту билла́хІи роббан, ва би Мухьаммадин росу́лан, ва биль-исла́ми ди́нан** (Аса тоьшалла до, цхьаъ волу, Шеца накъост воцу, АллахІ воцург дела вац аьлла, Мухьаммад Цуьнан лай а, элча а ву аьлла. АллахІ – Дела хилар хаьржи аса, Мухьаммад – Элча хилар а, Ислам – дин хилар а)», – **цунна цуьнан къиношна гечдо».** *Муслим.*

### Тасбихьан ламаз

Ибн Іаббаса (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) Іабдуль МуттІалибан кІанте Іаббасе элира, аьлла: **«Ас совгІат дай хьуна? Ас итт хІума хьехий хьуна,**

**ахь уьш кхочушдахь, хьан къиношна Дала гечдийр долуш - хьалха диначарна, тӀаьхьа диначарна а** (пхийттара ваьлчахьана тасбихь ламаз даллалц йолчу ханна юккъехь летийна долу къинош), **ширачарна, керлачарна а, ца хууш динчарна, хууш диначарна а, кегийчарна, даккхийчарна а, къайлах диначарна, гуччохь диначарна а? Итт хӀума: ахь диъ ракаӀат ламаз дар ду, хӀора ракаӀатехь Фатихьат а, кхин сурат а доьшуш, тӀаккха хьалхарчу ракаӀатехь уьш дешарх хьо паргӀатваьлча, ирахь волуш пхуьйттazза эр ду ахь:** ***СубхьáналлóхӀи, валь-хьамду лиллáхӀи, ва лá илáхӀа иллаллóхӀу, валлóхӀу акбар.*** **Цул тӀаьхьа рукуӀе гӀур ву хьо, цигахь иза уьттазза эр ду ахь, тӀаккха рукуӀера хьой хьалавахча, иза уьттазза эр ду ахь. Цул тӀаьхьа суждане гӀур ву хьо, цигахь иза уьттазза эр ду ахь, тӀаккха сужданера хьой хьалавахча, иза уьттазза эр ду ахь. Цул тӀаьхьа суждане гӀур ву хьо, цигахь иза уьттазза эр ду ахь, тӀаккха сужданера хьой хьалавахча, иза уьттазза эр ду ахь. ХӀора ракаӀатехь 75 тасбихь хуьлу иза, деа ракаӀатехь изза болх бийр бу ахь. ХӀора дийнахь и ламаз дан хьайн ницкъ кхачахь, и дойла ахь. Нагахь хьан ницкъ ца кхачахь, хӀора пӀераскан дийнахь цкъа дойла ахь и. Нагахь хьан ницкъ ца кхачахь, хӀора баттахь цкъа дойла ахь и. Нагахь хьан ницкъ ца кхачахь, хӀора шарахь цкъа дойла ахь и. Нагахь хьан ницкъ ца кхачахь, хьайн оьмарехь цкъа дойла ахь и».** *Абу Давуд, ибн МажахӀ.*

Ӏелас (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина хӀара: **«Делан Элчанера** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **цхьа хӀума суна хезча, Дала Шена пайда бан лууччу хӀуманца цунах пайда бора суна».** Абу Бакара (Дела реза хуьлийла цунна) дийцира суна (бакълуьйш а ву Абу Бакар), Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Ша къа латош цхьа а бусалба стаг ма вац, цул тӀаьхьа ламаз а эцна, ши ракаӀат суннат ламаз дина, тӀаккха шегара даьллачу къинна Деле гечдар доьхуш, цунна гечдеш а бен».** ТӀаккха цо дийшира хӀара ши аят: **«Вуон хӀума я шен дегӀана зулам дина, цул тӀаьхьа Деле гечдар дехначунна, – цунна АллахӀ гечдеш, къинхетам беш а хилар карор ду».** *«Ан-Нисаъ», 110.*

**«Иштта нах бу уьш, шайгара ирча къа даьлча я шаьш шайна зулам дича, Дела дагавогӀуш, шайн къиношна гечдар доьхуш».** *«Алу Ӏимран», 135.*

Ӏусмана (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Дала шега омра ма-дарра**

**ламаз эцар кхочущдинарг милла велахь, фарз ламазаша къинойх цӀанво иза, царна юккъехь цо летийна долчу».** *Муслим.*

Іамиран кӀанта Іукъбата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Цхьа а бусалба стаг ма вац, ша эца ма-деззара ламаз эцна, цул тӀаьхьа ши ракаӀат суннат ламаз дина, шен дог-ойла оцу ламазна тӀе а яхийтина, ялсамане цунна важиб хуьлуш а бен».** Ас элира: **«Ма йоккха комаьршо ю хӀара»!** Суна хьалха волчу цхьамма элира: **«Оцул хьалха дерг кхин а дика ду».** Со дӀахьаьжча, иза Іумар вара, цо элира: **«Хьо хӀинцца схьакхаьчна го суна. Шух цхьа а ма вац, ша эца ма-деззара дуьззина ламаз эцна, тӀаккха ша олуш: «АшхӀаду алла́ ила́хӀа иллалло́хӀу ва анна Мухьаммадан Іабдулло́хӀи ва росу́лухӀу** (Аса тоьшалла до, АллахӀ воцург дела вац аьлла, Мухьаммад АллахӀан лай, элча а ву»**, ялсаманин бархӀе неӀ цунна дӀайоьллуш а бен, шена луъучу неӀарехула иза чу вахийта».** *Муслим.*

Абу Лайлан кӀанта Іабдуррохьмана дийцина, Абу Муса, цомгуш волчу Іелин кӀанте Хьасане хьажа вахара, аьлла. ТӀаккха Іелас цуьнга хаьттира: **«Цомгушчуьнга хьажа веана хьо я хӀуьттаренна веана хьо?»** Абу Мусас элира: **«ХӀан-хӀа, цомгушчуьнга хьажа веана со».** Іелас цуьнга элира тӀаккха: **«Хьо цомгушчуьнга хьажа веана велахь, Делан Элчано** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **олуш хезна суна: «Стаг шен цомгуш волчу бусалба веше хьажа вахча, ялсаманин бошмашкахула воьду, ша охьахаъалц, иза охьахиъча, къинхетам хьаьрча цунах. Нагахь иза Іуьйранна ваханехь, 70 эзар малико салавваташ дохку** (гечдар доьху) **цунна суьйре хиллалц. Нагахь иза суьйранна ваханехь, 70 эзар малико салавваташ дохку** (гечдар доьху) **цунна Іуьйре хиллалц».** *Ахьмад.*

Абу ХӀурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Аша суна дийца, шух цхьаьннан неӀара хьалхахула охьадогӀуш цхьа татол хилча, иза массо а дийнахь пхоьазза цу чохь лийча а луьйчуш, цу стеган моданах хӀумма а юьсур ярий?»** Цара элира: **«Цуьнан моданах хӀумма а юьсур яцара».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Иза ду-кх, АллахӀа шаьш бахьана долуш къинош дӀадохучу пхеа фарз ламазан масал».** *Бухари, Муслим.*

Ибн МасӀуда (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«ТӀаьхьа-хьалха хьаж а, Іумрат а дойла аш, баккъалла а, оцу шимма къелла а, къинош а**

**дӀадоху, левсино эчиган, дешин, детин а мода дӀаяккхархтерра. Къобалхиллачу хьажан бекхам ма бац, ялсамани бен».** *Ахьмад, Тирмизи.*

КаӀбан кӀанта Убайяс (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: **«Ас элира: «ХӀай Делан Элча, хьуна салавваташ дукха дахка лууш ву со** (айса доӀа дечу хенахь), **мосазза салават дилла деза хьуна ас?»** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Хьайна луъучу барамехь дахка».** Ас элира: **«ДоӀин доьалгӀа дакъа?»** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Хьайна луъучу барамехь дахка, нагахь хьо соввалахь – иза дика ду хьуна».** Ас элира: **«ДоӀин ахдакъа?»** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Хьайна луъучу барамехь дахка, нагахь хьо соввалахь – иза дика ду хьуна».** Ас элира: **«Кхо дакъа дича, ши дакъа?»** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Хьайна луъучу барамехь дахка, нагахь хьо соввалахь – иза дика ду хьуна».** Ас элира: «(Айса доӀа деш йолу) **ерриг хан хьуна салават дуьллуш йоккхур ю ас».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«ТӀаккха-м Дала ахь дагалаьцнарг кхочушдийр ду, хьан къиношна геч а дийр ду».** *Тирмизи.*

### Ялсамане ваха хьакъвеш йолу Ӏамалш

Абу Айюба аль-Ансарис (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, цхьана стага элира, аьлла: **«ХӀай Делан Элча, со ялсамане вуьгур йолу Ӏамал йийцахь суна».** Наха элира: **«ХӀун оьшу цунна, хӀун оьшу цунна?»** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Цхьа хьашт долуш веана ву иза. АллахӀна Ӏибадат де ахь, Цуьнца накъост ца лоцуш; фарз ламаз а де ахь; фарз закат а даккха ахь; гергарло а хотта ахь».** *Бухари.*

СаӀдан кӀанта СахӀла (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Со а, буоберан доладийриг а ялсаманехь, хӀара шиъ санна** (лулахь) **хир ву».** Цо шен хьажон а, юккъера а ши пӀелг хьалааийбира. *Бухари.*

Ибн Ӏаббаса (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Цхьа а бусалба стаг ма вац, шен шиъ йоӀ йолуш, цо цаьршинна и шиъ шеца мел ю (я ша цаьршинца мел ву) динехь хаа дезарг хьоьхуш, АллахӀа и шиъ бахьанехь иза ялсамане вохуьйтуш а бен».** *Бухари.*

Абу СаІи́да Аль-Худрис (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Ша аьлларг: «Роды́ту билла́хІи роббан ва биль-исла́ми ди́нан ва бимухьаммадин соллалло́хІу ІалайхІи ва саллама росу́лан** (АллахІ – Дела хилар хаьржи аса, Ислам – дин хилар а, Мухьаммад – Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хилар а), **цунна ялсамани важиб хили».** *Абу Давуд.*

Абу аль-Асвада Дуалис (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: «Со Мадинате веара, цигахь цхьа цамгар яьржинера, и кхеттарш сихха ла а леш. ХаттІабан кІантаца Іумарца (Дела реза хуьлийла цунна) цхьана охьахиира со, велла стаг дІавигира, наха шена дика тоьшалла а деш. ТІаккха Іумара (Дела реза хуьлийла цунна) элира: **«Важиб хили».** Цул тІаьхьа кхин цхьаъ велла стаг дІавигира, наха шена дика тоьшалла а деш. ТІаккха Іумара (Дела реза хуьлийла цунна) юха а элира: **«Важиб хили».** Цул тІаьхьа кхин цхьаъ велла стаг дІавигира, наха шена вуон тоьшалла а деш. ТІаккха Іумара (Дела реза хуьлийла цунна) юха а элира: **«Важиб хили».** ТІаккха Абу аль-Асвада элира: **«ХІун ду важиб хилларг, хІай бусалба нехан паччахь?»** Іумара (Дела реза хуьлийла цунна) элира: **«Ас элира, Делан Элчано** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **ма аллара: «Веа стага шена диканца тоьшалла дина бусалба стаг Дала ялсамане вохуьйтур ву».** Оха хаьттира: **«Ткъа кхаа стага тоьшалла динарг?»** Цо элира: «**Кхаа стага тоьшалла динарг а вохуьйтур ву».** Оха хаьттира: **«Ткъа шимма тоьшалла динарг?»** Цо элира: **«Шимма тоьшалла динарг а вохуьйтур ву».** Оха цуьнга ца хаьттира цхьана стага шена тоьшалла динчух лаьцна». *Бухари.*

Абу ХІурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: «Делан Элчанца (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) цхьана арадевлира тхо, тІаккха цунна хезира цхьана стага доьшуш: **«Къуль хІуваллóхІу ахьад. АллóхІус-сомад. Лам йалид ва лам йу́лад. Ва лам йакул-лахІу́ куфуван ахьад** (Ахьа ала: «И АллахІ – цхьаъ ву, Цо мел кхоьллина хІума Цуьнга хьашт долуш, Иза цхьаьнга а хьашт воцуш. Цунах доьзалхо вац я И цхьаммо вина вац, Цунах тера цхьа а хІума дац)»**.** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Важиб хили».** Ас хаьттира цуьнга: **«ХІун ду важиб хилларг, хІай Делан Элча?»** Цо жоп делира: **«Ялсамани».** *Тирмизи.*

Хьанзалата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) олуш хезира шена, аьлла: **«Пхи ламаз лардинчунна - шен рукуІаш, сужданаш, ламаз эцар, ламазан хенаш а ларъеш, Веза-Сийлахьчу Дала уьш тІедехкина хилар хууш, - ялсамани**

**важиб хили цунна».** Я цо элира: **«Жоьжахатина хьарам хили иза».** *Ахьмад.*

Анаса (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Цхьа а бусалба стаг ма вац, пхийттара валанза шен кхоъ доьзалхо кхелхина, царах бинчу Шен къинхетаман комаьршонца АллахIа иза ялсамане вохуьйтуш а бен».** *Бухари.*

Ма́ликан кIанта Iамра аль-Къушайрис (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) олуш хезира шена, аьлла: **«Шен да-нана кхелхина долу буобер кхаьбнарг – Дала цуьнан хьал тодаллац, ялсамани важиб хили цунна».** *Ахьмад.*

**Делан къинхетам шортта хилар**

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Веза-Сийлахьчу Дала Ша халкъ кхоьллинчул тIаьхьа Iаршана тIехула дIаяздина: «Баккъалла а, Сан къинхетам Сан оьгIазлонал тоьлла».** Кхечу дийцарехь ду: **«Баккъалла а, Сан къинхетам Сан оьгIазлонал хьалхабаьлла».** *Бухари, Муслим.*

Салмана аль-Фарисис (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«АллахIа Ша стигланаш, латта а кхуллучу дийнахь бIе къинхетам кхоьллина, царах хIора къинхетам стигланаш, лаьтта а санна боккха болуш. Цо царах цхьа къинхетам латта тIе боссийна. Цунах бу нанас шен доьзалхочух беш болу къинхетам, акхароша а, олхазарша а вовшашца беш болу къинхетам а. Къематде деача, АллахIа цуьнца кхочуш бийр бу и бIе къинхетам».** Кхечу дийцарехь ду: **«АллахIа шен лех и бIе къинхетам бийр бу къематдийнахь».** *Муслим.*

ХаттIабан кIанта Iумара (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: «Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) тIе йийсар бина нах баьхкира. Оцарна юккъера цхьа зуда шен бер лоьхуш яра, тIаккха йийсархошна юккъехь шена и карийча, цо иза шен кара а эцна, дакхийра. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) тхоьга элира тIаккха: **«ХIокху зудчо шен бер цIерга кхуссур дара аьлла хетий шуна?»** Оха элира: **«ХIан-хIа, АллахIах дуй буу оха, ша яла а йолуш кхуссур дац».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира тIаккха:

**«АллахI шен лешца тIех къинхетаме ма ву, хIара зуда шен бераца йолчул а».** *Бухари, Муслим.*

Ибн МасIуда (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Шул хьалха хиллачарех цхьана стагана хьесап дира, цо дина цхьа а дика хIума ца карийра, нахаца иза ийна хилар доцург. Хьалдолуш вара иза, цо шен берашка омра деш хилла, халонехь волчунна декхар гечде, олий. Веза-Сийлахьчу Дала элира: «Со тIех там болуш Ву гечдарца, гечде цунна».** *Муслим.*

Ибн Iумара (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, шега цхьамма хаьттира, аьлла: **«Делан Элчано** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **къайлах къамел дарх** (Дала Шен лен сакхташ кхечунна гучу ца дохуш, цуьнца къайлах ден къамел) **лаьцна хIун олуш хезна хьуна?»** Цо элира: **«Суна хезна, цо олуш: «Къематдийнахь Дала Шен лена лерам бийр бу, цуьнан сакхташ хьулдарца, цунна гечдарца а. Шегара дийлинчу къиношна мукIарло дойтур ду цуьнга Дала, Цо цуьнга эр ду: «Девзий хьуна** (хьайн къинош)**?»** Цо жоп лур ду: **«ХIай сан Дела, девза суна».** ТIаккха Дала эр ду: **«Дуьненчохь Ас уьш хьулдира хьуна, тахана Ас царна геч а до хьуна». ТIаккха цуьнан диканаш яздина тептар лур ду цуьнга. Амма керста нахе, мунепакъашка а халкъан кортош тIехула кхайкхар догIур ду, цаьрга эр ду: «ХIорш бу Делаца керсталла динарш, ткъа Делан неIалт хуьлийла-кх зуламхошна».** *Бухари, Муслим.*

Абу Ваккъа́сан кIанта СаIда (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамаре (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хаьттира, аьлла: **«Нахах уггар чIогIа балийца зийнарш муьлш бу?»** Цо жоп делира: **«Пайхамарш бу, цул тIаьхьа царел даржехь лахара берш бу. Стаг зуьй, цуьнгахь долчу динан** (ийманан) **барамехь. Нагахь иза дин** (ийман) **чIогIа долуш велахь, и зер алсам хуьлу. Нагахь цуьнан дин** (ийман) **гIийла делахь, цуьнгахь долчу дине** (иймане) **хьаьжжина зуьй иза. Дала и Шен лай зен ца зуьш ма ца вуьту, шена тIехь цхьа а къа доцуш и лай латта тIехь волаваллалц».** *Ахьмад, Тирмизи, ибн МажахI.*

Абу Зарра (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Хьой стенггахь велахь а, АллахIах кхералахь, вуонна тIаьххье диканиг делахь, цо и** (вониг) **дIадоккхур ду, нахаца хазачу гIиллакхехь а хилалахь».** *Ахьмад, Тирмизи.*

Мáликан кӀанта Анаса (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) олуш хезира шена, аьлла: «Баккъалла а, Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Ас Сайн лай цунна дукхадезаш долчу шина хӀуманца** (шина бӀаьргаца) **зийча, тӀаккха иза собаре а хилча, цаьршинна дуьхьал** (бекхамна) **ялсамани лур ю Ас».** *Бухари.*

Сóмитан кӀанта Ӏубадата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Буьйсанна набарх самаваьлча: «Лá илáхӀа иллаллóхӀу вахьдахӀý лá шари́ка лахӀý, лахӀуль-мульку ва лахӀуль-хьамду ва хӀува Ӏалá кулли шай-ин къоди́р. Аль-хьамду лиллáхӀи, ва субхьáналлóхӀи, ва лá илáхӀа иллаллóхӀу, валлóхӀу акбару, ва лá хьавла ва лá къуввата иллá билллáхӀ** (Цхьаъ бен воцу, Шеца накъост воцу АллахӀ воцург дела вац, Цуьнан ду паччахьалла, Цунна бу хастам, Иза массо а хӀума дан ницкъ кхочуш ву. Хастам АллахӀна бу, АллахӀ Шеца там боцчух цӀена ву, АллахӀ воцург дела вац, АллахӀ сийлахь ву. Дикачу хӀуманна тӀехь ницкъ кхачийтар, вуочу хӀуманах дӀахьовзор дац, АллахӀехь бен)**», аьлла, цул тӀаьхьа «Везан Дела, суна гечдехьа» аьлла я доӀа диначунна жоп лур ду. Цо, ламаз а эцна, ламаз дахь – цуьнан ламаз къобалдийр ду».** *Бухари.*

Абу Ваккъáсан кӀанта СаӀда (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) шеца цхьана охьахевшинчаьрга элира, аьлла: **«Шух цхьанне ницкъ кхочур барий хӀора дийнахь эзар дика дан?»** ТӀаккха хевшинчарех цхьамма хаьттира цуьнга: **«Эзар дика муха дийр ду?»** Цо элира: **«Цо бӀе тасбихь доккхур ду, тӀаккха цунна эзар дика яздийр ду, эзар вуон дӀа а доккхур ду цунах».** *Муслим.*

Джабалан кӀанта МуӀáза (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: «Со Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) тӀехьа хиъна вара, вирана тӀехь, цо элира: **«ХӀай МуӀаз, хьуна хаьий, АллахӀна хьалха Цуьнан лешна тӀехь долу декхар хӀун ду, Шен лешна хьалха АллахӀна хьакъ хӀун ду а?»** Ас элира: **«АллахӀ, Цуьнан Элча а дика хууш ву».** Цо элира: **«АллахӀна хьалха Цуьнан лешна тӀехь долу декхар – цара Цунна Ӏибадат дар ду, шаьш Цуьнца хӀумма а накъост ца лоцуш. Ткъа лешна хьалха АллахӀан долу хьакъ – цара и кхочушдича** (Шеца хӀумма а накъост ца лоцуш, Шена Ӏибадат дича), **Цо царна Ӏазап цадалар ду».** *Бухари, Муслим.*

Абу ХӀурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Баккъалла а, АллахӀа шен лай ялсамани чохь даржехь лакхавоккху, тӀаккха оцу лено**

**ша олуш: «ХӀай сан Дела, хӀокху дарже хӀун бахьанехь кхаьчна со?» ТӀаккха Дала олу: «Хьан доьзалхочо хьуна гечдар дехар бахьана долуш».** *Ахьмад.*

Ӏáзибан кӀанта Баррáа (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) шега элира, аьлла: **«Хьуна дӀавижа хьайн метта вала лиъча, айхьа ламазана ма-эццара ламаз а эций, цул тӀаьхьа хьайн аьтту агӀор дӀа а товжий, ала: «АллóхӀумма асламту нафси́ Илайка, ва важжахӀту важхӀи́ Илайка, ва фаввадту амри́ Илайка, ва альжаъту захӀри́ Илайка, рогӀбатан ва рохӀбатан Илайка, лá мальжаа ва лá манжá Минка иллá Илайка, áманту бикитáбикаллази́ анзальта, ва бинабиййикаллази́ арсальта** (ХӀай АллахӀ, Хьуна сайн дегӀ муьтӀахь до ас, сайн юьхь Хьоьга ерза а йо ас, сайн болх Хьоьга билла а буьллу ас, сайн са лардар а Хьоьга ло ас, йоле дог а дохуш, Ӏазапах кхера а кхоьруш, Хьох вада меттиг а яц, ведча къелхьарвала меттиг а яц, Хьоьга а бен, ас Ахь доссийна долу Хьан жайна (Къуръан) бакъдо, Ахь вайитина волу Хьан Пайхамар а). **Оцу буса хьан валар хилахь, цӀенчу динан тӀехь валар хир ду хьан».** *Бухари, Муслим.*

Абу ХӀурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Керста стагана Делан къинхетам бовзахьара, Цуьнан ялсаманих дог дуьллур ма дацара цхьаммо а».** *Муслим.*

Ӏужратан кӀанта КаӀба (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Ламазаш динчул тӀаьхьа деш тасбихьаш ду, фарз ламазел тӀаьхьа уьш олуш хилларг дохковер воцуш: 33-зза Субхьáналлóх1 алар, 33-зза Аль-хьамду лиллáхӀ алар, 33-зза АллóхӀу акбар алар».** *Муслим.*

Абу Зарра (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Со хууш ма ву, ялсаманин охӀланах тӀаьххьара ялсамани чу гӀур верг, жоьжахатин охӀланах тӀаьххьара жоьжахати чуьра аравер верг а. Цхьа стаг схьавалор ву къематдийнахь, тӀаккха эр ду: «Цуьнан кегий къинош гайта цунна, цуьнан даккхий къинош дӀа а айба цунна тӀера». ТӀаккха цунна гойтур ду цо летийна хилла долу кегий къинош, цуьнга эр а ду: «Оцу дийнахь, оцу дийнахь, оцу дийнахь летийнерий ахь хӀорш?» Цо жоп лур ду: «ХӀаъ». Цуьнан ницкъ кхочур бац инкарло ян, иза балхам беш хир ву шен даккхий къинош шена гайтарх. Цуьнга эр ду: «Баккъалла а, хьоьгара даьллачу массо вуонна дуьхьал дика ду хьуна». ТӀаккха цо эр**

**ду: «ХIай Везан Дела, баккъалла а, сайна хIоккхехь гуш доцу хIуманаш а ма динера ас». Баккъалла а, Делан Элча** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **велалуш гира суна, шен кхелаш гучу а йовлуш».** *Муслим.*

Абу СаIи́да (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: «Веза-Сийлахьчу Дала эр ду ялсаманин охIлане: **«ХIай ялсаманин охIла!».** Цара эр ду: **«Хьуна хьалха ду тхо, тхан Дела, Хьуна муьтIахь а ду тхо, дика Хьан долахь ду-кх».** Дала эр ду: **«Реза хиллий шу?»** Цара эр ду: **«Тхо реза муха ца хуьлу, хIай тхан Дела, баккъалла а, Ахь тхуна делла-кх Хьайн халкъах цхьаннена а ца делларг!»** ТIаккха Дала эр ду: **«Ас оцул диканиг лой шуна?»** Цара эр ду: **«Муьлха хIума ду оцул дика?»** ТIаккха Дала эр ду: **«Аса Сой резахилар дели шуна, хIокхул тIаьхьа цкъа а Со оьгIазгIур вац шуна».** *Бухари, Муслим.*

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Шух цхьа а ша йинчу Iамало** (жоьжахатих) **хьалхавоккхур вац».** Цара элира: **«Хьо а воккхур вац, хIай Делан Элча?»** Цо элира: **«Со а воккхур вац, Дала сох Шен къинхетам ца бахь, делахь а, нийсонца Iамал елаш».** *Бухари, Муслим.*

Iумара (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Баккъалла а, оцу Делан лейх цхьа леш бу-кх, пайхамарш бац уьш я гIазоташ бац уьш, хIетте пайхамарш, гIазоташ а къематдийнахь царах баккхийбеш хир бу, Далла гергахь церан дарж доккха хиларна».** Цара элира: **«ХIай Делан Элча, дийцахь тхуна, муьлш бу те уьш?»** ТIаккха Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«И нах бу-кх уьш, Делан дуьхьа вовшийн безаш хилла болу, гергарлонаш я тайпаналла шайна юкъахь доцушшехь, я вовшийн даьхни дIасаделла доцушшехь. АллахIах дуй буу ас, церан яххьаш нуьре хир ма ю, нуьре йолчу мимбарш тIехь уьш хир а ма бу. Нах кхоьручу хенахь, кхоьруш хир ма бац уьш, кхидолу адамаш** (Махьшаран майданахь) **гIайгIане долуш, гIайгIане а хир бац уьш».** *Абу Давуд, Насаи.*

Джабира (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Ламазна молла кхойкхуш хезча, ша аьлларг: «Алло́хIумма робба хIа́зихIид-даIватит-та́ммати, вас-сола́тиль-къо́имати, а́ти Мухьаммаданиль-васи́лата, валь-фады́лата, вабIасхIу макъо́ман махьму́даниллази́ ваIаттахIу** (Я АллахI, кхоччуш

болчу кху кхайкхаман а, дIахIуттучу ламазан а Дела, Мухьаммадна аль-василахI (ялсамани чуьра уггар деза дарж) лохьа, Айхьа гIаттор ву аьллачу хастамечу меттехь а гIаттавехьа и)», **къематдийнахь сан шапаIат хьанал ду цунна».** *Бухари.*

СухIайба (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Тамашийна бу-кх муъмин стеган болх! Баккъалла а, цуьнан болх берриге цунна дика бу-кх, муъмин стагана бен делла дац-кх и саннарг. Шен самукъадаьлча** (дика болх хилча), **Далла шукра до цо, тIаккха иза цунна дика хуьлу; шега сингаттам кхаьчча, собаре хуьлу иза, тIаккха иза цунна дика хуьлу».** *Муслим.*

### Хьайн Iамал йохаярх ларлолахь

ЦIена долчу суннато вайна билгалди, Исламан пхеа рукнах муьлххачо а стаг къинойх цIанвеш хилар. «Ла́ ила́хIа иллалло́хI» бохучу дашо стагана тIехь къа ца дуьту, пхи ламаз а, рузба а – вукху рузбане кхаччалц, мархин бутт а – вукху мархин батте кхаччалц, царна юккъехь дина долу къинош дIадойуш ду, даккхийчу къинойх ларвелчхьана. СагIано къинош дIадойу, хино цIе дIаяйарх терра. ШарIо ма-бохху хьаж динарг, нанас дена винчу дийнахь санна къинойх цIанло. Iамал кIеззиг йинехь а, доIа даро Дела реза хиларе вуьгу, ялсаманин охIланах а во. ХIокху вай дерриге дийцинчун къайле – ниййат цIена хилар ду, цуьнан маьIна – Делаца накъост ца лоцуш, цIенна Далла Iамал яр ду. Амма ниййат цIена доцу Iамал Дала къобал ца йо, оцу Iамало къинойх цIан ца во я цунах мела а ца хуьлу. Ниййат цIена хилар – боккха болх бу, хьо хьажал Веза-Сийлахьчу Дала бохучуьнга: «(ХIай Мухьаммад) **Къуръана чохь Муса вийцар хьахаде ахь. Баккъалла а, иза вара** (Iибадат дарехь) **ниййат цIена долуш, иза вара элча а, пайхамар а».** *«Маръям», 51.*

Ниййат цIена хилар бохучун маьIна – нахана гайта а ца гIерташ, хьайн Iамал цIенна Делан дуьхьа яр ду, Цунна хьой гуш вуй а хууш. Ниййат цIена хилар коьрта бахьана ду, адам къинойх, дуьненан баланах а хьалхадаларна. Цуьнан делил Веза-Сийлахьчу Делан дош ду: **«Иштта** (бакъо гайтира Оха Юсуфна), **цунах вуон, ирча къа а духатохархьама, баккъалла а, и Тхан цIеначу** (ниййат цIена долчу) **лех ву».** *«Юсуф», 24.* Вайна го, ниййат цIена хиларо Юсуф (Делера салам хуьлийла цунна) вуонах, ирча къа дарх а ларвина хилар.

Ниййат цIена хилар коьрта бехкам бу стеган Iамалш къобал хиларехь, цундела шен ниййат цIена доцу ерриг Iамал хIаллакьхиларна герга ю. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) шен хьадисехь боху: **«Баккъалла а, АллахIа Iамал къобал ца йо, ниййат цIена а долуш, иза Шен дуьхьа йина яцахь».** *Насаи.*

Ниййат коьрта болх хилар гойту Iумара Абу Мусага (Дела реза хуьлийла цаьршинна) яздинчу кехато, цо боху: **«Шен ниййат цIена хиллачунна Дала кхачо йийр ю, цунна а, нахана а юккъехь нисделлачунна».**

Iумаран кIентан IабдуллахIан кIанта Салима кехат яздира Iабдуль-Iазизан кIанте Iумаре: **«Хьо хууш хилалахь, хIай Iумар, Дала Шен лена деш долу гIо оцу лен ниййатан барамехь хилар. Шен ниййат кхоччуш цIена долчунна кхачам боллуш гIо до Дала, амма ниййат кхоччуш цIена дацахь, Дала цунна деш долу гIо эшна хуьлу, цуьнан ниййат эшаран барамехь».**

ХIокху вай дийцинчо гойту вайна, тергамбар – Iамал дукха ярца, доIанаш дукха дарца а цахилар, амма Iамал ярехь тергамбар, и мел кIеззиг елахь а, ниййат цIена хиларца хилар.

Ниййат цIена хиларан кхоъ дарж ду:

1. Пайхамарийн, элчанийн а (Делера салам-маршалла хуьлийла царна), нийсонца царна тIаьхьабозучеран а хилла долу цIена ниййат. Иза – АллахI шайна везар бахьана долуш, цIенна Цуьнан дуьхьа Iамалъяр ду, дуьненан пайданах цхьа а хIума ца дезаш.
2. ЦIенна Делан дуьхьа Iамалъяр ду, цIенчу ниййатца Iамал еш верг Дала эхартахь даржехь соввоккху дела, цуьнан къиношна гечдарца, иза ялсамани чу вахийтарца а.
3. ЦIенна Делан дуьхьа Iамалъяр ду, цуьнца цхьаьна дуьненахь шена хьанал долчуьнга са а туьйсуш, рицкъанехь соввакккхар я баланаш дIаайбар санна.

ХIара кхоъ доцург – иза сийсаздолу моттаргIанаш лелор ду. Дала хьарам дина, Iамал йохош долу моттаргIанаш лелор – иза дуьненан пайда лоьхуш Iамалъяр ду, ша Iамал яле хьалха, ечу хенахь а, цул тIаьхьа а даг чохь дуьненан пайдане сатуьйсуш волуш. Иза масийтта декъехь ду:

1. Нахана хьалха волчу хенахь шен Iамал лерина яр ду, цаьрга ша хаставайтархьама, Делах кхоьруш дика стаг ву аьлла, шен цIе яккхийтархьама а.

2. Нахана хьалха Іамал ечу хенахь, каде хьийзар, амма ша цхьаъ волчу меттехь мало еш хилар, иза хьалхарчу декъехь долчул сийсаз ду.
3. Ша Далла Іамал яран куц хІоттош хьарам дерг кхочушдан гІертар, масала: нахана гуччохь лерина Іамалъяр, цаьргара шена пайда хилийтархьама, цаьрга шен сий дайтархьама а. ХІара массарел ирча дерг ду.
4. Нахана ша вуон я сийсаза стаг хетарна кхоьруш шен Іамал лерина яр ду, дуьненан пайда шена хиларе сатийсар доцуш. ХІара хьалхарчарел дай ду.

МоттаргІанаш лелор шеца ийна йолу Іамал ял йоцуш ю, цуьнан хьокъехь даьхкина дуккха а хьадисаш ду.

Абу ХІурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: «Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Со массарал чІогІа накъост ца оьшург Ву. Ша Іамал йина волу стаг, цуьнгахь Соьца накъост а лоцуш** (Со воцчунна иза гайта, хазийта а лууш), **Аса Іадвуьтур ву иза** (ял ца луш)**, цо динарг цо шен дуьхьа динчунна ду**». *Ибн МажахІ.*

Абу Фадо́латан кІанта СаІда (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Ша догІург хиларна цхьа а шеко йоцчу къематдийнахь АллахІа нах гулбича, кхойкхуш верг кхойкхур ву: «Ша АллахІна Іамал ярехь Цуьнца накъост лаьцнарг милла велахь, цо ша йинчу Іамалан ял лохийла АллахІ воцчуьнгара, баккъалла а, АллахІ массарал чІогІа накъост ца оьшург Ву».** *Тирмизи, ибн МажахІ.*

Абу ХІурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Баккъалла а, АллахІ, шун догІмашка а, шун куьцашка а хьоьжуш вац, амма, бакъду, Иза хьоьжуш ву шун дегнашка а, шун Іамалшка а».** *Муслим.*

### Бусалба нахера бала дІаайбар – къинойх цІанвечу Іамалех ду

Веза-Сийлахьчу Дала Шен Сийлахьчу Къуръана чохь Айюб-пайхамарх (Делера салам хуьлийла цунна) лаьцна боху: **«Айюб а хьахаве ахь, шен Деле кхайкхина волу: «Баккъалла а, со балано лаьцна, ткъа Хьо къинхетам бечарах уггар Къинхетаме верг ма ву». Оха цуьнан доІина жоп делира, цуьнгара бала а дІабаьккхира. Оха цунна цуьнан доьзал юхабелира, цаьрца цхьаьна кхин оццул а, – Тхайна гергара къинхетам бархьама а, Іибадат дечарна хьехам хилийтархьама а».** *«Аль-Анбияъ», 83-84.*

Веза-Сийлахьчу Дала Шен сийлахьчу Къуръана чохь Юнус-пайхамарх (Делера салам хуьлийла цунна) лаьцна боху: **«Оха цунна жоп делира, баланах и хьалха а ваьккхира, ишттa кIелхьарбоху Оха ийман диллинарш».** *«Аль-Анбияъ», 88.*

Абу Къатадата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) олуш хезира шена, аьлла: **«АллахIа къематдийнан халонех ша хьалхавитича самукъадер долчо, аьтто боцчунна шен декхар тIаьхьатоттийла я цо цунна** (декхар) **гечдойла».** *Абу Давуд.*

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Аьтто боцчунна аьттоне хьаьжнарг я цунна иза** (декхар) **гечдинарг, АллахIа Ша хIоттийнарг бен кхин IиндагI доцчу къематдийнахь Шен Iаршан IиндагIе хIоттор ву».** *Тирмизи.*

**Делах кхерар – къинойх цIанвечу бахьанех ду**

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«ХIай ийман диллина нах, шу Делах кхоьруш хилахь – Цо кхетам лур бу шуна** (бакъдерг, харцдерг а къасто), **къинойх цIан а дийр ду шу, шуна гечдийр а ду Цо, и АллахI йоккхачу комаршонан да Ву».** *«Аль-Анфал», 29.*

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчане (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна), дукхахдолчу хьолехь нах ялсамани чу бохуьйтур болчу хIуманах лаьцна хаьттира, аьлла. Цо жоп делира: **«АллахIах кхерар а, хаза гIиллакх а ду».** *Тирмизи.*

Абу Зарра (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Хьой стенггахь велахь а, АллахIах кхералахь, вуонна тIаьххье диканиг делахь, цо и** (вониг) **дIадоккхур ду, нахаца хазачу гIиллакхехь а хилалахь».** *Тирмизи.*

Веза-Сийлахьчу Дала вайна хьекъал лойла, къинойх лардала, цахууш вайгара дийлинчу къиношна дохкодовла а, тоба а дина, Деле дерза а.

**Чулацам**

**Дешхьалхе**

**АллахIа вай Шен къинхетаме кхойкху**

**ХIокху аяташа билгалдо:**

**Элчано нийсачу новкъа нисдо вай**

**Тоба даран маьIна**

**Къинойх цIанвеш йолу Iамалш**

**Нанас винчу дийнахь санна къинойх цIанвеш йолу Iамалш**

**Къинойх цIанвеш йолу Iамалш (уьш хIордан чопа санна дукха делахь)**

**Къинойх цIанвеш йолу Iамалш**

**Тасбихьан ламаз**

**Ялсамане ваха хьакъвеш йолу Iамалш**

**Делан къинхетам шортта хилар**

**Хьайн Iамал йохаярх ларлолахь**

**Бусалба нахера бала дIаайбар – къинойх цIанвечу Iамалех ду**

**Делах кхерар – къинойх цIанвечу бахьанех ду**

**Орг. и метод. рук-во…**

**Составитель – Абдул-Кадир Аль-Арнаут**
**С арабского – Алиев Ахмед Биксултанович**
**Рецензенты – Р.А. Даев., М.Р. Эдихаджиев., С.Р. Магамедов**